

BAB V

KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna “Upacara Adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu pikeun Bahan Pangajaran Bahasan Budaya di SMA Kelas XI (Ulikan Sémiotik)”. Panalungtikan ieu nyoko kana pedaran unsur sémiotik dina upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu.

Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode déskriptif kualitatif. Metode déskriptif kualitatif téh nya éta metode panalungtikan anu dipedar ku cara ngadéskripsiun hasil panalungtikan dina wangun narasi sarta data hasil panalungtikan téh lain dina wangun itungan. Téhnik ngumpulkeun jeung ngolah datana nya éta ngagunakeun téhnik studi pustaka, observasi, wawancara, jeung dokumentasi. Anapon instrumén panalungtikan anu digunakeun nya éta pedoman wawancara, catetan lapangan, *handphone*, jeung kaméra. Dina prosés panalungtikan kapanggih sababaraha hal, diantarana: gambaran upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu, prak-prakan upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu, unsur sémiotik anu nyampak dina upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu, jeung larapna hasil panalungtikan upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu pikeun bahan pangajaran bahasan budaya di SMA kelas XI.

Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Dayak salahsiji masarakat adat nu aya di Jawa Barat. Sejarah ayana téh awalna ti tahun 1970, mimitina mah siga perguruan pencaksilat nya éta nu biasa di sebut SS (ilmu Serba Guna). Nepi ka taun 1980 diganti deui ngarana jadi Jaka Utama nu mibuga harti nya éta “Pamuda Nu Utama”. Taun 1982 nepi ka 1995 diganti deui jadi Dayak Siswa. Taun 1995 nepi ka taun 2000 diganti deui jadi Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu nepi ka kiwari.

Laku Kungkum jeung Laku Pépé téh mimiti ayana nya éta ti taun 1995. Di mimitian ku ayana Dayak Siswa, ti dinya upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé terus jadi hiji ritual nu wajib dilakukeun ku masarakat adat Dayak Indramayu. Upacara adat ieu masih kénéh dijaga jeung dilakukeun ku Suku Dayak Indaramayu nepi ka kiwari. Upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé dilakukeun salila tilu bulan diunggal taunna biasan dimimitian ti malem jumat kliwon di bulan agustus, ieu dilakukeun pikeun ngalatih kasabaran jeung nahan hawa napsu nu aya dina diri manusa. Dina prak-prakana upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé dilaksanakeun ngariung dimimitian ku maca Pujian Alam, Kidung Alas Turi, Maca Kitab Sejarah Pewayangan Pandawa Lima Sabenere.

Unsur-unsur sémiotik (ikon, indéks, jeung simbol) anu nyampak dina upacara laku pépé jeung laku ungkum. Ikon nu kapanggih dina upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Indramayu aya genep (6) nya éta laku kungkum, laku pépé, gelang wulung, gelang konéng, gelang kenjeli, jeung parahu jawa agama. Indéks nu kapanggih dina upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé aya tilu (3) nya éta sora nu maca pujian alam, sora nu maca kidung alas turi jeung sora nu maca kitab sajarah wayang. Simbol Anu kapanggih dina upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé aya dua puluh hiji (21) nya éta rampé, pepundén krakatau, cai, celana hideung bodes, ketu hideung bodes, sabuk karajaan, gambar nyi ratu giri warna, gambar uwong, gambar kembang wijayakusuma, gambar alam sesigar, gambar budha, gambar hindu, gmbar pusaka bung karno, gambar pusaka panca robah, gambar dalang sabenere wayang sabenere, gambar pecut sirnyawa, gambar lembu ireng, gambar lembu bulé, gambar jaran sembrani, gambar cangkem palawangan sirit, jeung gambar kosong satu.

Unsur sémiotik dina upacara Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Buha Bumi Segandu Indramayu bisa jadi salahsiji alternatif bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda, hususna dina matéri bahasan budaya. Matéri ngeunaan unsur sémiotik dina upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu bisa dilarapkeun dina pangajaran bahasan budaya di SMA kelas XI anu luyu jeung Kurikulum 2013.

5.2 Rekomendasi

Dumasar kana kacindekan, aya sawatara saran pikeun lajuning laku ieu panalungtikan upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu. Dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa ngeuyeuban kana masarakat adat nu aya di Jawa Barat. Sangkan ieu masarakat adat teu leungit, aya sababaraha saran nu dutujukeun ka: 1) mahasiswa; 2) guru; 3) masarakat; 4) pamaréntah hususna Dinas Pariwisata Indramayu

- 1) Mahasiswa salaku akademisi dipiharep bisa ngalanjutkeun deui panalungtikan dina upcara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu, sabab masih kénéh loba ajén-ajén nu can kapanggih tur kapaluruh, ku kituna dipiharep aya nu nalungtik deui leuwih jero ngeunaan upcara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu.
- 2) Guru dipiharep bisa ngawanoheun upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu ka siswa. Sangkan siswa apal kan salahsiji masarakat adat nu aya di Jawa Barat. Guru ogé dipiharep bisa mekarkeun deui upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu, sangkan bisa dilarapkeun kana bahan pangajaran anu luyu jeung kréativitasna dina nyadiakeun bahan ajar, sakumaha nu didadarkeun dina *Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP)*.
- 3) Masarakat Jawa Barat umumna sarta masarakat Indramayu hususna dipiharep bisa ngawanoheun masarakat adat Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu ka generasi ngora, sangkan ieu masarakat adat teu leungit. Generasi ngora didieu dipiharep bisa ngaapresiasi ka masarakat adat Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu.
- 4) Pikeun pihak pamaréntah, utamana Dinas Pariwisata Indramayu kudu bisa ngokolakeun ieu masarakat adat, sangkan bisa jadi salahsiji objek wisata nu aya di Indramayu. Sangkan ieu masarakat adat bisa ngawanoheun budayana ka masarakat nu aya di Indonesia hususna, sangkan masarakat adat ieu teu leungit di jaman nu sarwa modern.